

# Otorizasyon Travay pou Imigran ki Fenk Rive

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: [www.nj.gov/humanservices/njnewamericans/](http://www.nj.gov/humanservices/njnewamericans/)

Si w antre Etazini nan kad Pwogram pou Kiba, Ayiti, Nikaragua ak Venezyela a (Cuban Haitian Nicaraguan and Venezuelan Program, CHNV), CBP One App™, oswa si w te resevwa yon Estati Pwoteksyon Tanporè dènyeman an (Temporary Protected Status, TPS) ou elijib pou w aplike **imedyatman** pou yon **Kat Otorizasyon pou Travay (Employment Authorization Document, EAD)**, ke yo rele tou yon pèmi travay. Si w aplike pou azil (**fòmilè I-589**), depi aplikasyon w lan gentan gen 150 jou, ou elijib pou w aplike pou yon pèmi travay.

## Sa w dwe konnen

- Yon pèmi travay pèmèt ou travay legalman nan Etazini, li pa ba w yon lòt estati antanke imigran
- Nou kapab ranpli aplikasyon an sou entènèt atravè Depatman Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) nan [myaccount.uscis.gov/users/sign\\_up](http://myaccount.uscis.gov/users/sign_up) oswa pa lapòs
- Gen yon frè \$410 pou sa (li pa ranbousab), epi gen kèk aplikan yo ka fè peye yon lòt frè biyometrik anplis ki se \$85. Ou ka elijib pou yo pa fè w peye frè sa, tanpri, vizite: [www.uscis.gov/forms/filing-fees/additional-information-on-filing-a-fee-waiver](http://www.uscis.gov/forms/filing-fees/additional-information-on-filing-a-fee-waiver)
- Ou kapab tcheke estati ka w la lè w konekte sou kont USCIS ou a

## Men kòman pou w aplike

Aplikan an dwe ranpli fòmilè **I-765** lan epi bay dokiman yo mande yo, tankou: de foto paspò ak kopi fòmilè I-94 la, paspò oswa lòt dokiman vwayaj, kat idantite peyi kote w soti a, epi dènye EAD ou genyen an (si ou te gentan gen yonn). Li enpòtan pou w konprann elijibilite ak kritè yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: [USCIS.GOV](http://USCIS.GOV)

## Fè Atansyon Pou Nou Pa Víktim Fwod

Endividji malonèt k ap pretann yo se "konsiltan nan imigrasyon," "notè" oswa "avoka", yo se raketè k ap pretann yo ka bay sèvis imigrasyon pou yo ka manje lajan moun ki pa vrèman pale anglè yo. Se sèlman avoka ak reprezantan otorize USCIS ki gen dwa pou yo prepare dokiman legal tankou fòmilè pou imigrasyon yo, pou yo bay konsèy legal sou zafè ki konsène imigrasyon oswa pou yo reprezante kliyan yo nan yon pwosesis legal. Tanpri gade [Lis Founisè Sèvis Gratis Depatman Lajistis la](#).

Pou w rapòte fwod ki gen pou wè ak imigrasyon, tanpri kontakte Depatman Afè Konsomatè yo:  
**1-800-242-5846** (Apèl gratis pou moun ki nan New Jersey).

## Ou Gentan Gen Otorizasyon pou Travay epi W ap Chèche Travay?

Gen èd ki disponib atravè Depatman Travay NJ a,  
tanpri vizite: [nj.gov/labor/ayuda](http://nj.gov/labor/ayuda)

